



## YON MESAJ POU FANMI KI GEN TIMOUN PITI KI GEN OTIS

### Yon Mesaj Enpòtan pou Fanmi Massachusetts Ki gen Timoun ki gen Mwens pase 9 an Ki gen Maladi Echèl Otis la

**Peryòd pou Depoze Aplikasyon an Ouvè 16 Oktòb 2020 rive 31 Oktòb 2020**

Depatman Otis ki nan Depatman Sèvis Devlopmantal la (DDS) gen yon pwogram ki rele Pwogram Renonsyasyon Otis la ki bay entèkansyon 1 a 1 pou ede timoun ki gen otis ki gen gwo pwoblèm nan domèn konpòtman, sosyal, e kominikasyon, pa mwayen yon sèvis ki rele **Fòmasyon Konpetans Elaji** (sèvis ak sipò entansif nan kay la). Sèvis sa a, ki disponib pou 3 an antou, fèt nan kay timoun nan oubyen nan lòt kad ki rive tou natirèlman, anba sipèvizyon pèsonèl pwofesyonèl ki byen fòmè. Epitou, pwogram nan bay lòt sèvis sipò tankou aktivite ki entegre timoun nan nan kominote a ak konje pou paran. Nan fen 3 an sèvis entansif la, yon timoun gendwa jwenn sèvis sipleman tè ki konble bezwen timoun nan genyen e ki ede l soti nan Pwogram Renonsyasyon Otis la jiskaske timoun nan gen 9 an.

**Kalifikasyon:** Kritè ki vin apre yo obligatwa pou yon moun patisipe nan pwogram renonsyasyon an:

1. Fòk yo **konfime** timoun nan gen Maladi Echèl Otis la (Autism Spectrum Disorder oswa ASD), e Depatman Sèvis Devlopmantal la gendwa verifye sa.
2. Timoun nan poko gen 9 an. Timoun ki fèk fèt rive nan 8 an gen dwa patisipe.
3. Timoun nan abite Massachusetts.
4. Timoun nan gen yon sèten nivo bezwen ki fè l bezwen sèvis nan yon Etablisman Swen Entèmedyè pou moun ki gen Andikap Entelektyèl (ICF/ID) selon evalyasyon DEPATMAN SÈVIS DEVLOPMANTAL la fè.
5. Fanmi an chwazi pou timoun nan resevwa sèvis nan kay la ak nan kominote a.
6. Fòk timoun nan ka jwenn sèvis an tout sekirite nan kominote a.
7. Fòk timoun nan gen yon reprezantan ki responsab li legalman ki ka dirije sèvis ak sipò ki fèt selon Renonsyasyon an.
8. Fòk MassHealth detèmine timoun nan kalifye pou MassHealth Standard sou baz revni fanmi an. **Pou fanmi ki poko fè demann MassHealth, fòk ou gentan fè sa lè w depose Fòmilè Demann Pwogram Renonsyasyon an.** (Gen enstriksyon sou ki jan pou fè demann MassHealth nan paj ki vin apre a)

Pwogram Renonsyasyon Otis la gen yon kapasite limite (30 plas pou tout eta a) pou timoun ki gen 3 an e ki pral kit Entèkansyon pou Timoun Piti (Early Intervention). Timoun ki ranpli kritè pou pwogram nan ka jwenn sèvis jiskaske yo gen 9 an. Tout sèvis renonsyasyon mande pou timoun nan kontinye ranpli kritè finansye ak kritè klinik ki nan Pwogram Renonsyasyon an toutpandan yo enskri nan pwogram nan.

Byenke Pwogram Renonsyasyon Otis la prèske fin konble, toujou gen timoun k ap kite pwogram nan paske yo vin gen 9 an oubyen pou lòt rezon. Kidonk, nou vle gen aplikasyon ki ajou pou n ka chwazi lè vin gen plas ki disponib nan Pwogram nan. Depatman Otis la ap ofri okazyon pou fanmi fè demann pou yo ka fè pati seri aplikasyon ki ajou yo pandan peryòd kote yo ouvè pou yo aksepte aplikasyon. Depatman Otis la te fè dènye peryòd ouvè pou l aksepte demann ann oktòb 2019.

Peryòd kote y ap Ouvè pou Demann nan pou 2020 an se ant 16 oktòb ak 31 oktòb 2020. Tanpri, asire w ou VOYE NAN LAPOS oubyen w VOYE NAN IMÈL *Aplikasyon Demann Ouvè* a ant 16 oktòb ak 31 oktòb. Depatman Otis la pral jete nenpòt demann ki fèt andeyò dat sa yo. Si w te depoze yon aplikasyon pandan dènye peryòd kote yo te ouvè pou aplikasyon ki te fèt ann oktòb 2019 la, FÒK OU DEPOZE YON LÒT APLIKASYON POU 2020.

Ki jan pou w Patisipe nan Pwosesis Demann ki Ouvè a:

**1. Jwenn yon kopi *Aplikasyon Demann ki Ouvè* a**

- Tanpri, kontakte Sant Sipò Otis ki nan zòn ou an (yo ansanm ak dokiman sa a) pou w mande *Aplikasyon Demann ki Ouvè* a.
- Sant Sipò Otis dispoinib pou yo ede w ranpli aplikasyon an.
- Ou ka jwenn tout fòmilè yo tou sou sit wèb DDS la nan [www.mass.gov/DDS](http://www.mass.gov/DDS) nan ribrik “DDS Autism Waiver Services” (Sèvis Renonsyasyon Otis DDS)

**2. Ranpli *Aplikasyon Demann ki Ouvè* a. W ap bezwen:**

- dat nesans pitit ou
- nimewo sekirite sosyal pitit ou
- nimewo MassHealth ID pitit ou

**3. Depoze *Aplikasyon Demann ki Ouvè* a:**

- Fòk aplikasyon yo make ak dat (“Postmark”) oubyen gen So Dat ant 16 oktòb 2020 ak 31 oktòb 2020.
- Y ap jete aplikasyon yo jwenn andeyò dat sa yo.
- Ranpli aplikasyon an avèk plim epi ekri klèman avèk lèt detache.
- Siyen aplikasyon an avèk plim.
- YON SÈL APLIKASYON POU CHAK TIMOUN. Depatman Otis la pral jete aplikasyon anplis yo.

**4. Depatman Otis la PAP aksepte aplikasyon yo livre alamen. Fòk ou voye aplikasyon nan lapos bay:**

**Department of Developmental Services  
Autism Division  
Att. Autism Program Application Form  
500 Harrison Avenue, Boston, MA 02118**

Se yon priyorite pou Depatman Otis ki nan DDS la pou l asire tout fanmi ak timoun ki gen otis ki pale diferan lang e ki soti nan diferan kilti gen aksè ak pwosesis fè demann Pwogram Renonsyasyon Otis la. Gen materyèl ki disponib ann arab, biman, chinwa (mandaren ak kantonè), kreyòl ayisyen, kreyòl kapvèd, pòtigè (ewopeyen) espanyòl, kmè, viyetnamyen, nepalè, ak somali.

**Tradiksyon ak entèprèt disponib gratis pou tout patisipan yo.**

**Ki jan pou w Fè Demann MassHealth:** Ou ka fè demann MassHealth nenpòt nan fason sa yo:

- Si w gen yon kont, konekte nan [mahealthconnector.org](http://mahealthconnector.org) epi fè demann MassHealth
- Si w pa gen yon kont, fason ki pi vit pou w fè demann anliy e pou w kreye yon kont anliy sekirize se nan [mahealthconnector.org](http://mahealthconnector.org).
- Ranpli e siyen [Massachusetts Aplikasyon pou Kouvèti Sante e Dantè ak Èd pou Peye Depans](#) epi voye l nan lapos bay:

**Health Insurance Processing Center  
P.O. Box 4405  
Taunton, MA 02780  
oswa voye l nan Faks bay 1-857-323-8300**

- Rele Sant Sèvis Kliyantèl pou Manm MassHealth la nan 1-800-841-2900 (TTY: 1-800- 497-4648 pou moun ki soud, ki tande di, oswa ki gen yon andikap langaj) oswa 1-877-MA ENROLL (877-623-6765).
- Vizite youn nan 4 Sant Enskripsyon nan MassHealth yo (MEC) pou w fè demann fasafas. Nou site yo pi ba.

**Sant Enskripsyon MassHealth – Chelsea**

45 Spruce Street Chelsea, MA 02150  
#1-800-841-2900 TTY 1-888-665-9997

**Sant Enskripsyon MassHealth – Tewksbury**

367 East Street Tewksbury, MA 01876  
#1-800-841-2900 TTY 1-888-665-9997

**Sant Enskripsyon MassHealth - Springfield**

88 Industry Avenue, Suite D Springfield, MA 01104  
#1-800-841-2900 TTY 1-888-665-99

**Sant Enskripsyon MassHealth - Taunton**

21 Spring Street, Suite 4 Taunton, MA 02780  
#1-800-841-2900 TTY 1-888-665-9997

Pou w jwenn plis enfòmasyon sou Pwogram Renonsyasyon Otis la, kontakte Sant Sipò Otis ki nan zòn ou (nou site yo pi ba) oswa voye yon imèl bay [AutismDivision@state.ma.us](mailto:AutismDivision@state.ma.us). Oubyen tou, rele Depatman Otis ki nan DDS la nan 617-624-7518.

**Lwès Massachusetts****Pathlight: Autism Connections**

41 Russell Street  
Hadley, MA 01035 | 413-585-8010

75 South Church Street, #402  
Pittsfield, MA 01201 | 413-443-4780

220 Brookdale Drive  
Springfield MA 01104 | 413-732-0531

**Sant Massachusetts****HMEA: Autism Resource Central**

712 Planation Street  
Worcester, MA 01605 | 508-835-4278

**Metwo Lwès Boston****Autism Alliance of MetroWest (AAMW)**

1881 Worcester Rd, # 100A  
Framingham, MA 01701 | 508-652-9900

**Gran Boston****Towards Independent Living and Learning, Inc. (TILL)****Autism Support Center**

20 Eastbrook Road  
Dedham, MA 02026 | 781-302-4835

**Konte Norfolk****The Arc of South Norfolk: The Family Autism Center**

789 Clapboardtree Street  
Westwood, MA 02090 | 781-762-4001

**Sidès Massachusetts****Community Autism Resources (CAR)**

33 James Reynolds Road Unit C,  
Swansea, MA 02777 | 800-588-9239 | 508-379-0371

120 Main Street 2<sup>nd</sup> Floor,  
Bridgewater, MA 02324 | 508-807-4930

**Nòdès Massachusetts****Northeast ARC (NEARC) The Autism Support Center**

6 Southside Road  
Danvers, MA 01923 | 978-777-9135

[www.mass.gov/DDS-autism-waiver-services](http://www.mass.gov/DDS-autism-waiver-services)

Gen enfòmasyon ki disponib ann:

arab, biman, chinwa (mandaren ak kantonè), kreyòl ayisyen, kreyòl kapvèd, pòtigè (ewopeyen), espanyòl, kmè, viyetnamyen, nepali, ak somali